Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм и депутатхэм и Облсоветым, горкомым и оргэнщ

№ 117(2344) | Гъубж, октябрым и 10-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

Иджыри зы ехъулIэныгъэшхуэ къилъэщащ Краснэ Армиям. 1-рей ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтым и дзэхэм 3-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэр къыдэIэпыкъукIэрэ, немецхэм я оборонэр пхатхъри километрищэкIэ ипэкIэ кIуэтащ, пхатхъам и фронтым километрэ 280 зырагъэубгъуащ, къуажэ 2000 щIигъу хуит къащIыжащ.

ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЭМ И ПРИКАЗ

Армиям и генерал БАГРАМЯН

1-рей ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтым и дзэхэм 3-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэр къыдэIэпыкъукIэрэ, ШАУЛЯЙ (ШАВЛИ) районым и ищхъэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэмкIэ икIхэри наступлением хуэкIуэхэкIэрэ, бийм и оборонэ икъукIэ лъэщу [illegible]ъэбыдар зэпхатхъахэщ икIи махуипл[illegible]ступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIахэм и [illegible]мкIэ ипэкIэ кIуэтахэщ километри 100-м нэс, фронтым и пхытхъыныгъэм километрэ 280-м нэс зэрагъэубгъухэкIэрэ.

Фронтым и дзэхэм наступление здырагъэкIуэкIахэм къащтахэщ мыхьэнэшхуэ зиIэ немецхэм я оборонэм и щIэгъэкъуэн пунктхэу ТЕЛЬШАЙ, ПЛУНИЯНЫ, МАЖЕЙКЯЙ, ТРИМКЯЙ, ТИРКШЛЯЙ, СЕДА, ВАРНИ, КЕЛЬМЫ, абыхэм хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ нэгъуэщI къуажэ 2000-м щIигъу, абыхэм яшыщхэщ ПАПИЛЕ, ПИЕВЕНАЙ, НЕВАРЕНАЙ, НЕРИМДАЙЧАЙ, РАУДЕНА, КУРШЕНАЙ, КУРТОВЯНЫ, ШАВКЯНЫ, ВИТСОДЗИ, ЛУКНИКИ, ЯНОПОЛЬ, ЖОРАНЫ, МЕДЫНГЯНЫ, ТВЕРЫ, ПОВАНДЕНЫ, ЮЗЕФОВ, УЖВЕНТЫ, КОЛТЫНЯНЫ, КРОЖИ, САВДЫНИКИ, ИОЗЕФОВО, СТУЛЬГИ, БАРГАЙЛИ, НЕЛОКШТЫ, РЕТОВО, ИЛАКЯЙ, ДЕРВЯНЫ, КОВНАТОВО, ЖЕМАЛЕ, ВЕШВЯНЫ, ЛЕПЛАВКИ, ЭЙГИРДЖЯЙ, ЭЛКИ, ЭРЖВИЛКИ, ВОДЖГИРЫ.

Бийм и оборонэр пхытхъыныгъэмкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфI къагъэлъэгъуахэщ генерал-полковник ЧИСТЯКОВ, генерал-лейтенант БЕЛОБОРОДОВ, генерал-лейтенант ЧАНЧИБАДЗЕ, генерал-лейтенант КРЕЙЗЕР, генерал лейтенант ЛЮДНИКОВ, генерал-майор ФЕДЮНЬКИН, генерал-лейтенант ЕРМАКОВ, генерал-лейтенант ЛОПАТИН, генерал-лейтенант КСЕНОФОНТОВ, генерал-майор АРУШАНЯН, генерал-майор САМАРСКИЙ, генерал-майор ИБЯНСКИЙ, генерал майор ЧЕРНИКОВ, генерал-майор СЕДУЛИН, генерал-лейтенант МИССАН, генерал-майор НЕВЕРОВ, генерал-лейтенант БЕЗУГЛОВ, генерал-майор ОЛЕШЕВ, генерал-майор МАКАРЬЕВ, генерал майор КУЧЕРЯВЕНКО, генерал-майор БЕЛЯЕВ, полковник ДРУЖИНИН, генерал майор ЕРЕМЕНКО, генерал-майор КУДРЯВЦЕВ, генерал-майор ГОРБАЧЕВ, полковник ПРЯХИН, генерал-майор ГРЫЗЛОВ. полковник ЛОЖКИН, генерал-майор ВЛАСОВ, полковник МАЙКОВ, генерал-майор СТАНКЕВСКИЙ, полковник СИВАНКОВ, полковник СОБЯНИН, генерал-майор КВАШНИН, полковник БАБИКОВ, полковник КОЖАНОВ, полковник ПОПОВ, полковник КЛЕЦ, полковник УРШАС сымэ я дзэхэм; артиллериям и генерал-полковник ХЛЕБНИКОВ, артиллериям и генерал-лейтенант БАЖАНОВ, артиллериям и генерал-лейтенант НИЛОВСКИЙ, артиллериям и генерал-лейтенант МАКАРОВ, артиллериям и генерал-майор ШЕГЛОВ, артиллериям и генерал-лейтенант СТРЕЛЬБИЦКИЙ, артиллериям и генерал-майор ТЕЛЕГИН, артиллериям и генерел-майор ДЕРЕШ, артиллериям и генерал-майор БЕЛЯКОВ, артиллериям и генерал-майор САМБОРСКИЙ, артиллериям и генерал-майор СТЕПАНЕНКО, полковник ЧВИКОВ, полковник КАПИТОНЕНКО, полковник ЛЕБЕДЕВ, полковник ЧАПЛИН, полковник ЖЕЖЕРУК, полковник ГАЙДУКОВ, полковник МИРОНОВ, полковник КУЗНЕЦОВ, полковник СКВОРЦОВ, артиллериям и генерал-майор КИРСАНОВ, полковник ДОЛГОВ, полковник ЛУКЬЯНОВ, полковник ЛИНИКОВ сымэ я артиллеристхэм; танкыдзэхэм я генерал лейтенант ВАСИЛЬЕВ, танкыдзэхэм я генерал-лейтенант ВОЛЬСКИЙ, танкыдзэхэм я генерал-лейтенант СКОРНЯКОВ, танкыдзэхэм я генерал-лейтенант МАЛАХОВ, полковник ВОЛКОВ, подполковник КОЛЕСНИКОВ, полковник ПАРАМОНОВ, полковник САДОВСКИЙ, полковник БЕРЗИН, полковник БАТАЛКИН, полковник ФЕШЕНКО, полковник АРХИПОВ, полковник КУТУЗОВ, полковник ХРАПОВИЦКИЙ танкыдзэхэм я генерал майор ЛИПАТОВ, полковник МЕНЬШОВ, танкыдзэхэм я генерал-майор ЮДИН, полковник СТАНИСЛАВСКИЙ, подполковник ПОКОЛОВ, полковник ДОЛГАНОВ, полковник ЕРМАКОВ, подполковник КАЛИНИН, полковник БЕСПАЛОВ сымэ я танкистхэм; авиациям и генерал-полковник ПАПИВИН, полковник АЛЕКСАНДРОВ, полковник КУЧМА, авиациям и генерал-лейтенант ФИЛИН, полковник КУРБАТОВ, авиациям и генерал-майор ИВАНОВ, авиациям и генерал-лейтенант БЕЛЕЦКИЙ полковник ПЛАХОВ, полковник ВРАЩЕНКОВ, полковник СТАЛИН, авиациям и генерал-майор КИТАЕВ, полковник ФОКИН, полковник РЫКАЧЕВ, подполковник СРУЛИК, подполковник РЫБАКОВ, полковник ПРУТКОВ, подполковник КОРЯКИН, полковник ЧУЧЕВ, авиациям и генерал майор МОЛОКОВ сымэ я летчикхэм; инженерыдзэхэм я генерал-лейтенант КОСАРЕВ, инженерыдзэхэм я генерал-майор КУЛИНИЧ, инженерыдзэхэм я генерал-майор КОЛМАКОВ, инженерыдзэхэм я генерал-майор БРЫНЗОВ, подполковник КУЗНЕЦОВ, полковник СТЕЧИШИН, полковник КУЧЕРУК, полковник КОРОТКОВ сымэ я саперхэм; связыдзэхэм я генерал-майор БАБКИН, связыдзэхэм я генерал майор БОРОВЯГИН, полковник ЗАХАРОВ, связыдзэхэм я генерал-майор КОКОРИН, связыдзэхэм я генерал-майор СОРОКИН, полковник МИНИН, полковник КОВАЛЕНКО сымэ я связистхэм.

Къэлъэща хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ, бийм и оборонэр пхытхъыныгъэ зауэм деж нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа частхэмрэ соединениехэмрэ орденхэр награду иратынхэу гъэувын.

Нобэ, октябрым и 8-м, сыхьэт 22 дакъикъэ 30-м деж ди Родинэм и столицэ МОСКВА Родинэм и цIэкIэ салют яретыр 1-рей Прибалтийскэ фронтым и дзэ лIыхъужьхэу, немецхэм я оборонэр пхытхъыныгъэ зауэм хэтахэм—топ щитIрэ тIощIрэ плIырэр тIощIрэ зэдэуэхэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэревгъэкIуэкIам щхьэкIэ, Фэ фIэщIэлъ дзэ псомикI ФIЫЩIЭ ЯХУЗОЩIЫР.

МыкIуэдыжыну щытхъу, ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэзэухэкIэрэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм.

ИрелIэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал И. СТАЛИН.

Октябрым и 8-м 1944 гъэм.

ВЕЛИКОБРИТАНИЯМ И ПРЕМЬЕР-МИНИСТР Г-Н У. ЧЕРЧИЛЛРЭ ХАМЭ КЪЭРАЛ IУЭХУХЭМКIЭ МИНИСТР Г-Н А. ИДЕНРЭ МОСКВА КЪЭКIУЭНЫГЪЭР

Октябрым и 9-м Москва къэкIуахэщ Великобританиям и Премьер-Министр г-н Уинстон Черчиллрэ Великобританиям и Хамэ Къэрал IуэхухэмкIэ Министр г-н Антони Иденрэ Британскэ Имперскэ Генеральнэ Штабым и Начальник фельдмаршал А. Брук, генерал Х. Л. Исмей, нэгъуэщIхэрикI ягъусэхэу.

Московскэ аэродромым деж къэкIуахэр ирагъэблэгъахэщ СССР-м и Народнэ Комиссархэм я Советым и Председателым и Заместитель икIи Хамэ Къэрал IуэхухэмкIэ Народнэ Комиссар В. М. Молотов, СССР-м и Хамэ Къэрал IуэхухэмкIэ Народнэ Комиссарым и Заместительхэу А. Я. Вышинский, И. М. Майский, Генеральнэ Штабым и Начальникым и Заместитель армиям и генерал А. И. Антонов. Московскэ городской Советым и председатель А. Ж. Астафьев, ОборонэмкIэ Народнэ Комиссариатым и Хамэ Къэрал IуэхухэмкIэ Отделым и Начальник генерал-майор Н. П. Кутузов, Москва городым и комендантым и къалэныр зыгъэзащIэ полковник Н. В. Гребенщиков.

Аэродромым деж щыIахэщ Великобританиям и ЛIыкIуэ г-н А. Н. Керр, Америкэм и Соединеннэ Штатхэм я лIыкIуэ г-н В. А. Гарриман, Канадэм и ЛIыкIуэ г-н А. Дана Уилгресс, Австралиям и ЛIыкIуэ г-н Д. Меломей, Британскэ Военнэ Миссиям и щхьэ генерал-лейтенант М. Баррос, США-м и Военнэ Миссиям и щхьэ генерал-майор Д. Дин, Великобританиямрэ США-мрэ я посольствэхэм я дипломатическэ сотрудникхэмрэ Военнэ Миссиям и членхэмрэ.

Щырагъэблагъэхэм щыгъуэ почетнэ къэрагъул ягъэувауэ щытащ икIи британскэ советскэ государственнэ гимным еуахэщ.

Аэродромыр Великобританиямрэ Советскэ Союзымрэ я бэракъхэмкIэ гъэщIэрэщIахэт

А. А. Жданов Президент Маннергейм IущIэныгъэмкIэ

Хельсинки, Октябрым и 7-м. (ТАСС). Нобэ япэрейуэ IущIащ Союзнэ Контрольнэ Комиссиям и Председатель А. А. Жданов Финляндиям и Президент Маннергейм. Сыхьэ титIрэ ныкъуэрэкIэ зэпсэлъахэщ. Щызэпсалъэхэм щыгъуэ щысахэщ СКК и Председателым и Заместитель ген. лейт. Совоненков, Финляндиям оборонэмкIэ министр генерал Вальден.

Советскэ Союзым и Герой Карданов Мурат я деж къэкIуэжащ

Черкессиям и къуэ лIыхъужь Советскэ Союзым и Герой Карданов Мурат я деж лъагъунлъагъу къэкIуэжащ.

Тов. Кардановыр къызэрыкIуэжам къыздэкIуэжа ВакIуэ-Жылэ къуажэр зэщIилъыIэсащ. Советскэ Союзым и Геройр зымылъагъум фIэIуэхуу колхозхэтхэр, иIыхьылыхэр, и нэIуасэхэр и анэм деж унэм зэрищIэмыгъахуэхэу къызэхуэсахэщ.

Советскэ Союзым и Герой тов. Карданов къызэхуэса цIыхухэм гуфIэгъуэшхуэкIэ япыкъуэкIащ икIи абы здабгъэдэсым яжыриIащ лIыхъужьыгъэу зэрихьахэр.

Сэхуранымрэ кIэртIофымрэ къехьэлIэжын яухащ

ЕхъулIэныгъэфIхэр къалъэщауэ пыкъокIхэр Октябрь махуэшхуэм Эльбыргъэн къуажэм дэт СталинкIэ зэджэ колхозым щыщ Цамбов Батырби и бригадэр. А бригадэм игъэзэщIащ сэхураныр, щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр Iуэныгъэр, кIэртIофыр къыщIэхыжыныгъэр.

А бригадэм игъэзэщIагъэхэщ, къэралым сэхурану, кIэртIофу иратын хуеймкIэ планыр.

Иджы т. Цамбов и бригадэм нартыху дечыжыр икIи государствэм иретыр.

А. Хачуков.

воскресникым фIыуэ хэлэжьыхьахэщ

Хьэбэз районым щыщ Малый Зеленчук къуажэм дэт еджапIэ пэщIэдзэм и еджакIуэ цIыкIухэр активнэу хэлэжьыхьахэщ къэралым гъавэр етыныгъэмкIэ районым и кIуэцIкIэ щекIуэкIа воскресникым.

Ахэр хуабжьу сэбэп колхозым хуэхъуьхэщ гъавэр щIэгъэпщыныгъэмкIэ, гухэм ярыкIутэныгъэмкIэ.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Октябрым и 8-м и оперативнэ сводкэ

Октябрым и 8-р екIуэкIыхункIэ САРЕМА (ЭЗЕЛЬ) островым деж ди дзэхэм наступление ирагъэкIуэкIхэкIэрэ, зауэкIэ къащтащ къуажэ 40-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ВЫХМА, ТЫРИСЕ, ХАКЬЯЛА, МУСТЬЯЛА, САУВЕРЕ, АМБУЛА, МЯТТА-СЕЛЬЯ, АНИЯЛА, ИРАСЕ.

РИЖСКЭ направлением деж ди дзэхэм гъущIгъуэгу станц къащтахэщ город икIи ОГРЕ, абхуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ нэгъуэщI къуажэ 60-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ПАБАЖИ, ИНЧУКАЛНЕ, КАЛНАМУЙЖА, РОПАЖИ, КАНГАРИШИ, ТИНУЖИ, ЯУНОГРА, СИЛИ гъущIгъуэгу станцхэу ПАБАЖИ, ИНЧУКАЛНА, РЕМИНЕ, КАНГАРА.

1-рей ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтым и дзэхэм 3-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэр къыдэIэпыкъукIэрэ ЩАУЛЯЙ (ШАВЛИ) и ищхъэрэ-къухьэпIэIуэкIэ икIи и ипщэ-къухьэпIэIуэкIэ районым къикIыу наступлением хуэкIуэхэкIэрэ, пхатхъащ бийм хуабжьу игъэбыда оборонэр икIи махуипIыI наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIахэм нужькIэ кIуэтащ ипэкIэ километри 100, пхатхъам и фронтым километрэ 280 зырагъэубгъури.

Наступленнер здрагъэкIуэкIым ди дзэхэм къащтащ щIагъэкъуэн мыхьэнэшхуэ немецхэм я дежкIэ зиIэ ТЕЛЬШАЙ, ПЛУНГЯНИ, МАЖЕЯКЯЙ, ТРИШКЯЙ, ТИРКШЛЯЙ, СЕДА, ВОРНИ, КЕЛЬМЫ, абхуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ къуажэ 2000 щIигъу, абыхэм яшыщхэщ къуажэхэу КРУОПЯЙ, ПАПИЛЕ, КУРШЕНАЙ, КУРТОВЯНЫ, ИОЗЕФОВА, РАУДЕНА, ЮЗЕФОВ, ШАВКЯНЫ, УПИНА, ВИТСОДЗИ, УЖВЕНТЫ, ВАЙГОВА, КРОЖИ, САВДЫНИКИ, СТУЛЬГИ, НЕМОКШТЫ, ПАЕВИНАЙ, НЕВАРЕНАЙ, ЭГЕРДЖАЙ, ВЕШЯНЫ, НЕРИМДАЙЧАЙ, ЛУКНИКИ, ЯНОПОЛЬ, ПОИВАДЕНИ, КОЛТЫНЯНЫ, ВЕРСЯДЫ, СКАВДВИЛИ, ЖИМОЛЕ, ЖИДИКАЙ, ИЛАКЯЙ, ДЕРВЯНЫ, КАВНАТОВО, ЛЕПЛАВКИ, ЖОРАНЫ, МЕДЫНГЯНЫ, ТВЕРЫ, ЭЙКИ, РЕТОГО, ШИЛЕПИ, ДУМШИШКИ, ВИДУКЛИ, ВОДЖГИРЫ, СКИРЕТЫМОНИ, ВАРНАЛОВКИ, ЭРЖВИЛКА, ДАРГАЙТЕЛИ, гъущIгъуэгу станцхэу КУЖИ, ВЕНТАЙ, ПАТИРЕМЯЙ, РАВДЕНЫ, ТРИШКЯЙ, ДУСЕЙКЯИ, ТЕЛЬШАЙ, ИЕКЛАВКИ, ВИДУКЛИ, ВАРЛАУКИС.

НАРЕВ псым и ижьырабгъу Iуф-м деж, ПУЛТУСКИ районым и ипщаIуэкIэ ди дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу зызэпырагъэгъэзащ къа уушхуэ щIэту бийм атакэ къигъакIуэ танкрэ пехотэм.

Венгриям и щIыгум город БЕКЕШЧАБА городым и ищхъэрэ икIи къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ ди дзэхэм наступлением зырагъэубгъукIэрэ, къащтащ городхэу икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэхэу МЕЗЕТУР, СЕНТЕШ, ХОДМЕЗЕВАШУРХЕЛЬ, город САРВАШ, абхуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ къуажи 150-м щIигъу, абыхэм яшыщхэщ къуажэшхуэхэу ФЮЗЕШ-ДЬЯРМАТ, НАДЬ-БАЙОМ, ЭНДРЕД, ГАДОРОШ, СЕГВАР, гъущIгъуэгу станцхэу НАДЬ-БАЙОМ, ФЬЮЗЕШ-ДЬЯРМАТ, САРВАШ, ГАДОРОШ, СЕГВАР.

Ди дзэхэм октябрым и 6-м и 7-м плену къащтащ бийм и солдатхэу офицерхэу 4000-м щIигъу.

Румынскэ город ТУРНУ-СЕВЕРИН и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ, ди дзэхэр Югославиям и Народно Освободительнэ армиям и частхэм ягъусэу заухэкIэрэ, зауакIэ къащтащ къуажэхэу ПЕТРОВАЦ, ЛЕСКОВАЦ, ЖДРЕЛО, КРЕПОЛЬИН, ЯОЖАНИЦА, МИЛАТОВАЦ, ЗЛОТ, ПОДГОРАЦ, БОГОВИНА, КЛОКОВАЦ, ЗАЕЧАР районхэм деж бийм и гуп къаухъуренхьахэр ди дзэхэм зэтыраукIахэщ.

Фронтым и адрей участкэхэм — разведчикхэр мэплъакIуэхэр.

Октябрым и 7-р екIуэкIыхункIэ ди дзэхэм фронт псом дежикI зэтыракъутахэщ немецкэ танки 156. Хьэуэм щекIуэ кIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхэщ бийм и самолет 31.

* *

Ди авиацияр хуабжьу теуащ гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ икIи город Бреслау (Германия)

Октябрым и 8-м жэщым, жыжьэ лъатэ ди авиацияр хуабжьу теуащ гъущIгъуэгъ зэхыхьэпIэ икIи город Бреслау (Германия).

БомбэкIэ еуныгъэм къыхэкIкIэ Бреслау гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм къыщыхъуащ на фIэс 30. Бийм и гъущIгъуэгу составхэмрэ зауэ хьэпшыи зыщIэлъ складхэмрэ сащ. НафIэсышхуэ къыщыхъуащ Бреслау городым и ипщэ-къуэкIыпIаIуэ, и пщэ лъэныкъуэхэм, газовэ заводыр, металлургическэ заводхэр здэщым деж. НафIэс бзийхэр ди летчикхэм ялъагъухэт километрэ 200 къыIукIыжахэу.

Октябрым и 9-м и оперативнэ сводкэ

Октябрым и 9-р екIуэкIыхункIэ остров САРЕМА (ЭЗЕЛЬ) деж ди дзэхэм зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 50-м щIигъу, абыхэм яшыщхэщ УНДА, МЕТСА, КЫРУСЕ, КУРЕВЕРЕ, КИКЕЛЬКОННО, ВЕДРУКА, КАРАЛА, ЛЮМАНДА, ТОМАЛЫУКА, МЕТСАЛЫУКА, ТЕХУМАРДИ, УЙДИБЕ.

РИЖСКЭ направл нием деж ди дзэхэм наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIахэщ, зауэ здырагъэкIуэкIахэм деж къащтахэщ къуажэхэу ЕСПАРС, ЯУНЗЕМНИЕКИ, ТЫЛТЫНИ, ГРИТЮКРОГС, РЕЙПАС, ЛАУНАГИ, РУЦЕНЕС, КЛИДИ, гъущIгъуэгу станцу ВАНГАЖИ.

Город ШАУЛЯЙ (ШАВЛИ) и къухьэпIаIуэкIэ икIи и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм, наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 300 м щIигъу, абыхэм яшыщ хэщ город ЮРБАРКАС (ЮРБУРГ), къуажэшхуэхэу КЕРВЯЙ, БАРСТИЧЯЙ, КАЛВАРИЯ, АЛСЕДЖЯИ, ПЛАТЕЛЯЙ, КУЛИ, БЕЖАЙЦЕ (город МЕМЕЛЬ километри 20 кIэ и къуэкIыпаIуэкIэ,) БРОЖЕ, ВЕВИРЖАНЫ, ЮДРАНЫ, ПОЮРЖЕ, ПОЮРЫ, БЫКОВЯНЬ, ШАКВИЦЕ, ГАВРЫ, гъущIгъуэгу станцхэу ТАРВОЙНЕ, БАТАКЯЙ, ЮДПЕТРЯЙ.

НАРЕВ псым и ижьырабгъу Iуфэм деж ПУЛТУСКА районым и ипщаIуэкIэ ди дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу бийм пехотэрэ танкрэ зэщIэту атакэ къигъакIуэ псомикI зызэпырырагъэгъэзахэщ. Октябрым и 8-м и кIуэщIкIэ фронтым и участкэм деж екIуэкIа зауэхэм зэхакъутахэщ немецкэ танк 94.

Севернэ Трансильванням деж город РЕГИН и къухьэпIаIуэкIэ икIи и ипщэ къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм, румынскэ дзэхэрикI я гъусэу зауэхэу ядэщIыгъухэу, зауэкIэ къащтахэщ къуажэхэу СЫНТУ, ФАРАГО, ЕРЧАБАЛА, МОЙША, КИМПЕНИЦА, МЕЗЭЧАВОШ, ХЕРГЕЛЬНИ, КУЕШД, ХАРЦОЦИПТЕЛНИК ПАНЕТ, БЕРГИ.

Венгрияи и щIыгум деж город ДЕБРЕЦЕН и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм, наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, къащтащ городхэу икIи гъущIгъуэгу станцхэу НАДУДВАР, ПЮШПЕК-ЛАДАНЬ, ДЕВАВАНЬЯ, ТУРКЕВЕ, КАРЦАГ, ХАЙДУ-СОБОСЛО (город ДЕБРЕЦЕН километрэ 18 кIэ и ипщэ къуэкIыпIаIуэщ), абыхэм хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ нэгъуэщI къуажи 100-м щIигъу, абыхэм яшыщхэщ КАБА, БАРАНД, РАКОЦИ, ЕЧЕД, гъущIгъуэгу станцхэу КАБАПУСТА ЭЧЕГ, ТЕНИЕ, КЕНДЬЕЛ, МАРТФЮ, ТИССА, ФЕЛЬДВАР.

НАДУДВАР, РАКОЦИ районхэм щыIэ аэродромхэм деж ди дзэхэм къащтахэщ немецкэ самолети 140. Октябрым и 8-м и кIуэщкIэ ди дзэхэм плен къащIахэщ немец кэ икIи венгерскэ солдатми, офицерми 4220. Махуищым и кIуэщIкIэ ирагъэкIуэкIа зауэхэм деж плен къащIахэщ немецкэ икIи венгерскэ солдатми, офицерми 8220.

Югославиям деж город ВЕЛИКА КИКИНДА и къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм, ТИССА псым зэпырыкIхэкIэрэ, псым и къухьэпIэ Iуфэм деж къащтахэщ город икIи гъущI гъуэгу зэхыхьэпIэ СЕНТА, город икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ СТАРИ БЕЧЕЙ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ къуажэхэу СТАРАЯ КАНИЖА, АДА, МОЛ.

Фронтым и адрей участкэхэм — разведчикхэр мэплъакIуэхэр икIи щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ.

Октябрым и 8-м и кIуэщIкIэ ди дзэхэм фронт псом деж зэхакъутахэщ немецкэ танк 202. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхэщ бийм и самолет 26.

Западнэ Европэм щекIуэкI зау...

ЛОНДОН, октябрым и 9-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэр: Шельды псыр здыхэлъэдэж районым деж, Антверпен и ищхъэраIуэкIэ союзникхэм я ищхъэраIуэкIэ союзникхэм я дзэхэм хуит къащIыжащ Кемтхауте. Шельды псыр здыхэлъэдэж районым и ипщэмкIэ зауэ гуащIэ щокIуэ кIыр Леопольд каналым и лъамыжьыпэ гъэбыдапIэм адэкIэ. Голландиям и район клину здыдыхьахэм и къухьэпIэ ну участкэм деж щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ. Аахен и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэ екIуэкIыпIэм деж союзникхэм я дзэхэм нэхъ щIыкIу зырагъэщIащ зы милым нэс Осбен и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и ипщэ-къуэкIыпIаIуэкIэ. Альедорф зы милырэ ныкъуэрэ и ищхъэрэкъуэ кIыпIаIуэкIэ союзникхэм я дзэхэм къащтащ Олвеилер. Аахен район псом деж бийм артиллерийскэ, фоч, пулемет нафIэ хуабжь къещIыр.

Меца районым деж союзникхэм я дзэхэм я частхэм бийм къыIэщIагъэкIыжащ город Мезьер Мец и ищхъэрэ лъэныкъуэр. Дриан фортым деж зауэ гуащIэхэр щокIуэ кIыр. Союзникхэм я дзэхэу, Нанси и ищхъэраIуэкIэ икIи и ищхъэрэ къуэкIыпIаIуэкIэ наступать зыщIхэм, хуит къащIыжащ городхэу Муаврон, Шеникур. Вогез и бгы лъапэхэм деж плен къащIахэщ икIи Ле-Тилло деж участкэщIэхэр къащтахэщ.

Союзникхэм я ... теуащ бийм и арти... позициям щызэхуэс... Западнэ Германиям ... гъуэгу объектхэмрэ.

Рейтерым и агенс... тябрым и 7-м къыз... бомбэ хьэлъитIым... псым теlъ кемсне ... еуэхэри зэхакъутащ... и щIыпIэм деж кхъу... земыкIуэжыф хъуащ...

ЛОНДОН, октябры... (ТАСС). Средизема... театрым зауэ щезы... союзникхэм я вооруж... рухэм я штабым къы... хъыбархэм жаIэр, И... фронт псом и кIыхь... операция ин ирагъэк... гъэм аргуэру зэран ... зэман куэдкIэ зауэ ... гъэкIуэкIахэр. Уэлб... щытым емылъытауэ, ... миям и частхэм зы... гъэзахэщ бийм и ... къаруушхуэ зыщI... Фарнето лъэгапIэм ... кIуэхэм, Фимусино п... щыщIэдзауэ ипэкIэ к... икIи бийм къыIэщ... жащ лъэгапIэхэу М... ло, Монте-Гаттон. 5-... риканскэ армиям и... бийр Барборол, Монт... зи ирахужахэщ икI... тетхэурэ мили 2-м н... хэщ. Болоньо кIуэ ... тетхэурэ. Фронтым ... участкэхэм зэхъуэ... щIагъуэ къыщыхъуак...

Уэлбану зэрыщытым ... кIэ, авиациям хьэуа... уэныгъэр хуабжьу ир... кIын илъэкIакъым.

Германиям и военнэ объектхэм американскэ самол... теуэныгъэмкIэ

ЛОНДОН, октябрым и 9-м. (ТАСС). Пэж дыду къызэрырагъэхьымкIэ, американскэ бомбардировщик хьэлъэу 110-м щIигъум истребитель куэдэхэрикI ядэщIыгъужу, Швейнфурт, Кобленц ... районхэм деж щыIэ ... военнэ объектхэм.

ФИНЛЯНДИЯМ И КIУЭЦIКIЭ ЩЫТЫКIЭР

СТОКГОЛЬМ, октябрым и 9-м. (ТАСС). Севернэ Финляндиям деж финскэ заложникхэр нэмцхэм яубыдащ жэуэ хъыбар щыIэм зепсэлъыхькIэрэ, „Суомен сосиали демократи" газетым етхыр: „А фактхэм нахуэ къащIыр дэ Iуэху зэрыхудиIэр IэщакIэ уз... ступникхэм. Финскэ ... и Iуэхур — а бандитхэр ... е плену къэщтэныгъэ... хэм заложникхэр ящт... зыкIи къыщхьэпыру... дэ абыхэм дайзэуэныгъ...

Австриям зехъунщIэр

НЬЮ ЙОРК, октябрым и 9-м. (ТАСС). „Нью-Йорк Таймс" газетым къетыр, щIакхъуэ паекым процентн 10 зэрыщагъэщIам щхьэкIэ Вена къыщаIэта зыхъунщIэныгъэм Австриям и адрей городхэрикI зэщIищтауэ. ЗахъунщIэу зыкъыщаIэтахэм щигъуэ нэрыбгэ 60 яукIащ, нэрыбгищэ бжыгъэ уIэгъэ ящIащ, куэд яубыдахэщ. Вена и район щхьэхуэхэм зыкъэзыIэтахэр езэуахэщ гестапом и ... хэплъыхьа частхэм. ... ипщэ-къуэкIыпIэ рай... Штирия дежрэ зыкъ... хэм хьэлэч яшIахэщ ... скэ часть зэул. Нем... Вена бомбэкIэ еуэн... ри ягъэшынехэр. Горо... бургомистру щытар ... тIысащ. Немецхэм ягъ... хэр, зыхъунщIэныгъэр ... Iэмэ адрей заложни... яукIынхэу.

Черкесскэ, абазинскэ школхэм щхьэкIэ егъэджакIуэхэр

Черкесскэ учительскэ институтым, педагогическэ училищэм еджэн щIадзащ. Педагогическэ училищэм мы гъэм щIыхьахэщ нэрыбгэ 300. Абыхэм яшыщу къазуххэм я нэхъыбапIэхэр черкесскэ, абазинскэ школхэм лэжьакIуэ ягъэкIуэнухэщ.

Мы гъэм педагогическэ училищэм еджэгъуэ илъэсым щIидзащ фIыуэ кабинет... лабораториехэмы... кIэ хуэгъэхьэзырауэ. ... щэм библиотека къы... иIэщ.

ЕджакIуэхэр щыпсу... щежстие зэрагъэпэщы...